Әбдиқадир Қайыпов



821.512.122
Ә 20

# ТИРИ ЖЕТИМ

Әбдиқадир ҚАЙЫПОВ

# ТИРИ ЖЕТИМ

(Повесть)

«Қарақалпақстан» баспасы

НӨКИС — 2002

Әбдикадир ҚАЙЫПОВ,
*ТИРИ ЖЕТИМ. Нөкис. «Қарақалпақстан». 2002-ж. 24-бет.*

Әбдиқадир Қайыпов көркем әдебият қуштарларына «Қарақалпақстан» баспасында 2000-жылы жарық көрген «Жоражан» атлы хәм 2001-жылы жарық көрген «Дәслепки сауға» атлы китапшалары менен кеңнен таныс. Автордың бул китапшада мораль темасында жазылған «Тири жетим» повести орын алған.

Бул китапша кең жәмийетшиликтиң дийдинен орын алады деген үмиттемиз.

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
SHOMANAY RAYONI
MÁLIMLEME-KITAPXANA ORAYI
INV № 2021/5-13

# ТИРИ ЖЕТИМ
## (ПОВЕСТЬ)

Жанар кемпирдиң бүгин наўқасы әдеўир күшейди. Түни менен сандыраклап шықты. Аяқ ушында мүлгип Есболған отыр. Мүлгимей не қылсын, дуктырлар, қоңсылар күндиз карасқаны менен түнде бул үйде екеўинен басқа адам жоқ. Узақ таңға кирпик қақпай Жанар кемпирдиң аяқ-қолын қысып отырды. Таң ата аўырыўдың бети берман қарады.

— Есболған балам, жақынырақ отыр,-деди. Есболған уйқыдан қалған көзлери гиртийип, қулап қалайын деп турса да, келип анасының басын қыса баслады. Үлкен адам болса хеш гәп, жана он үштен он төртке қараған баланың таңды кирпик қақпай атқарыўы жүдә қыйын.

— Балам, мениң бул аўырыўдан турып кетиўим қыйын. Дуқтырлардың айтыўына қарағанда, үлкен қалаларға барып ем алмасам болмайды екен. Оған бизде шама қайда? Анаў-мынаў ҳал болып қалса, белиңди беккем буўа бер. Мениң әрманларым көп еди. Сени оқытып-шоқытып, үйли-жайлы қылып кетсем әрманым жоқ еди.

— Қойса, апа, еле тәўир болып кетесең,-деп Есболған өзин ирке алмай жылап жиберди.

— Балам, жас болсаң да азаматсаң. Мен саған бүгин усы ўақытқа шекем бүркелип, маған аўыр жүк болып келген ҳақыйқатлықты ашажақпан,-деп көпшигиниң астынан бир бет қағазды Есболғанға берди. Есболған қағазды алып оқып көрди. «Сәлимова Жадыра» деп кейнине мәкан жайы жазылған. Есболған хеш нәрсеге түсинбеди.

— Апа, бул ким?-деди.

— Бул сениң туўған анаң,-деди кемпир.

— Жоқ, апа, мениң анам Жадыра емес, Гүлайда-ғо. Ол қашшан дүньядан өткен емес пе?

— Айнанайын Есболжан, сен үлкен жигитсең. Түсинип ал! Мениң Көмек балам менен Гүлайда келиним авариядан қайтыс болғанында еле қосылғанына бир жыл болған жоқ еди. Перзент көре алмай кетти, бийшаралар,-деп кемпир көзлеринен жас булап, аўзы кемсеңлеп сөйлей алмай бираз жатты да солығын басып сөзин даўам етти. — Алдын ғаррымнан айырылып қалып, жалғыз ермегим Көмекжаным еди. Оған келин түсирип жаңа ес-ақылымды жыйған ўақтымда мен бахтықара және ада болмас дәртке шалындым. Мен ушын жасаўдың мазмуны қалмады. Ағайин-туўғанның ақылы менен сени балалар үйинен алдым. Бурынғы атың Зият еди. Сени қайтыс болған балам-

ның атына өткерип, мендей қара баслы қаралыға ес болсын деп атыңды да Есболған деп өзгерттим,-деди кемпир көз жасларын сыпырып.

— Апа, буны неге маған айтып атырсаң? Бәрибир исенбеймен, исенбеймен!

— Балам, есиңде ме, муғаллимиңиз метрикаларыңызды алдырғанда мақтанып «класстың балларының бәриниң метрикасы бос ақ қаплы, мениң бир өзимдики көк қатты қаплы екен» деп келгениңде, мен жылап едим. Сонда да сени алдадым, қуўанғанымнан жылап отырман деп. Болмаса сениң метрикаң кейин тазалай алғаннан кейин өзгеше еди.

Азанда үйге аўыллық фельдшер хәм қоңсылар келе баслады. Үйде адам көбейгеннен кейин Есболған апасынан рухсат сорап мектепке кетти. Мектепке барғаны менен сабақта отыра алмады. Кейин жай-жағдайдың барлығын класс басшысына түсиндирип еди. Ол дәрриў:

— Онда қайта бер! Апаңа жақсылап қарай бер. Сабақтан шығып өзим де хабар аларман,-деп рухсат берип жиберди...

Биреўдиң мурнын шымшығанынан оянып кетип жән-жағына қараса, жайдың ишинде класының қызлары менен баллары толып отыр. Ал, класс басшысы апасының бас ушында сөйлесип отыр екен.

Ертеңине азанда мектеп директоры менен класс басшысы келди. Аманлық-есенлик сорасып болғаннан кейин:

— Есбол балам, апаңның анаў-мынаўын жыйыстыр. Нөкиске емлетиўге алып кетемиз,-деп директор саатына қарап, - хәзир машина да келип қалар, баслық жиберемен деп еди,-деди.

Класс басшысы менен Есбол апасын кийиндирип боламан дегенше баслықтың машинасы да жетип келди. Анаў-мынаў затлары менен Жанар кемпирди машинаға мингизди. Класс басшысы Қызларгүл де машинаға минди. Есболған еле ненин не екенин түсине алмай ҳайран. Мектеп директоры:

— Ал Жанар апа, тезирек саўалып, аўылға аман-есен қуўысқайсыз. Қызларгүл Қаржаўовна, мына қәрежет муғаллимлердиң жыйнап бергени, дәри-пәрисине жумсарсыз. Операция ислейтуғын болса қоңыраў етерсиз. Сабақларыңыздан тәшўишленбең, өзим бәрин жайғастыраман,-деди.

Жанар кемпир болса бул кеңпейил инсанларға қалай миннетдаршылығын билдире алмай, жылап турып пәтиясын берип атыр. Есболғанды қайта-қайта аймалап сүйип, хошласып жолға түсти. Қызларгүл директордың берген силтеўи бойынша туўры Марс Қабуловтың үйине келди. Марс үйинде жоқ екен. Директоры берип жиберген хатты келиншегине берди. Ол оқып көрип:

— Ҳаў, бизиң Мәмбет курдас директор болып кетти ме? Үй-

иши, бала-шағалары аман ба?-деп сорасып жүрип Марстың жумыс жайына қоңыраў етти. — Жүриң, өзим апарайын,-деп кийине баслады. Жанар кемпирди емлеўханаға бас врачтың келиншеги алып келгенге ме ямаса Марстың өзи қоңыраў етип айтып қойып па, әйтеўир бурын көриниўге келгенде хабарласпай паңсып отыратуғын врачлар менен аўыздан киргизбей безеленлеп жүретуғын мийирбийкелердиң бәри жуўырып-жортып пәрмана болып жүр. Дәрхал рентгенге түсирип, анализлерин алып, еки адамлық палатаға жатқарды. Соның арасында Марс та жетип келди. Аўырыўды бир қатар тексерип болып врачларға тез анализ бенен рентгенниң жуўмағын бериўди талап етти. Ханнан пәрман болса пуқараға не турыс, демниң арасында бәри тайын болды.

— Қарағым, ўақтында алып келген екенсиз, кешиктиргенде маманнан айырылып қалар едиңиз. Ертең-ақ операция ислемесек болмайды. Докторлық жумысым бойынша Ташкентке кетиў ушын ертеңге билет алып қойып едим. Зыяны жоқ, Мәмбет жорам ушын докторлықты бир күн кеш-ақ жақларман,-деп билети менен паспортын келиншегине берди.

— Билетти бир күн кейинге өзгертип қайт,-деп нәўбетши врачқа «мына апайды тез операцияға таярлаң, ертең операция ислеймиз»,-деп шығып кетти. Пышаққа түсетуғынын еситкен кемпирдиң бозбораны шыға баслады:

— Ең қурғанда Есболжанымды бир көрип қалғанымда, ол бийшара бул жерлерди таўып келе ала ма?-деди қамсығып отырып.

— Апа, хеш ғам жемең, балаң азанда келеди. Көресең, еле тәўир болып аттай болып кетесең, Марс аға сизиң аўырыўыңыз бойынша докторлық жумыс ислеп атырған, республикадағы ең тәжирийбели врач.

— Илайым, айтқаның келгей, қызым,-деп кемпир өзин басып, — бул бас нелерди көрмеди, өзим ушын ийнениң ушындай тәшўиште емеспен, бийшара Есболғанға қыйын болатуғын болды,-деп гүрсинди.

— Яқшы апа, сиз жата турың, мен почтаға барып аўылға қоңыраў етип келейин,-деп Қызларгүл шығып кетип кешке таман айланып келди.

— Апа, азанда Мәмбет аға Есболғанды алып келетуғын болды,-деди.

Жанар кемпирдиң қуўанғанынан көзлери жайнап кетти. Кеште Марс аға келиншеги менен келди:

— Апа, мына таўықты сизиң ушын сойдырттым, ыссылай ишип алың,-деп аўқат толы дүңгирди тумбочкасының үстине қойды да

сөзин даўам етти, — мен сизиң түриңизге қарап операцияны көтере алар ма екен деп тәшўишленип едим. Жүрегиңиз саз екен. Қуда қәлесе, аттай болып кетесиз. Операцияны өзим ислеймен,-деди.

— Берекет тап, балам, әўмийин, айтқаның келсин, қолың дәрт көрмегей, шырағым,-деп кемпир бир майдан қамсығып алды.

Бир мәкемеге басшы болғаннан кейин суўырылып шығып кете бериў де аңсат емес. Мәмбет азанда мектепке келип жумысларды бөлистирип, орынбасарларына тапсырмаларды берип болып РайОНО баслығына қоңыраў етти. Жай-жағдайды түсиндирип рухсат сорады. Мектептен шығып туўры Жанар кемпирдиң үйине барды. Есик ашық, ишке кирсе Есбол жазыў столында уйқылап атыр. Түни менен уйқыламай жазыў столында отырып шыққаны көринип тур. Жазып мыжымырлап таслаған қағазлар столдың үстинде жайрап атыр. Тек бес-алты куплет қосық жазылған бир бет қағаз басының астында жатыр екен. Әстен суўырып алып оқып көрди. Мәмбет сонша қатал көрингени менен қосықты оқып кеўли елжиреп, көзлеринен ерксиз жас қуйылып кетти.

«Әкесиз жетим зор жетим,
Анасыз жетим қор жетим»,
Екеўи бирден жоқ болса,
Ондай жетим қай жетим?

Басынан сыйпар атасы,
Баўырман болар анасы,
Меҳрийбанлық үйиндеги,
Олар кимниң баласы?

Биреўиниң бар әкеси,
Және биреўиниң шешеси,
Екеўи де бар баллардың,
Бунда жасайды нешшеси.

Кийими пүтин болса да,
Тамағы әбден тойса да,
Ата-ана орны бөлек,
Бейишке салып қойса да.

«Жетим»лик жанды қыйнайды,
Ата-анасын ойлайды,
Әкеси менен шешеси,
Ўақты хош, олар тойлайды.

«Әкели жетим кор жетим,
Аналы жетим зор жетим»,
Екеўи бирден бар болса,
Ондай жетим кай жетим?

Бул косыкты окыған адамның баўыры тас болмаса елжиремеўи мүмкин емес.

Егер баска биреў усы косыкты көрип 7-класс бала жазды десе бинай өмиринде исенбес еди. Өз көзи менен көрип турып ҳайран болды. Косыкты бүклеп кисесине салды да Есболды оятты. Түни менен жылай бергенликтен кабаклары исип, көзлери кызарып кеткен. Мәс кисидей орнынан тентиреклеп турып өзин бийлеп алды. Азан менен үйине мектеп директоры келип турғанына коркып кетти.

— Муғаллим, аманлык па?-деп хүрейленип директордың бетине карады.

— Аманлык, балам, аманлык. Кийин, апаңның изинен барып кайтамыз,-деди.

Күниң жол машынға карағаннан кейин жол өне ме? Нөкиске түсте зорға жетти. Емлеўханаға келсе, кашшан операцияны баслап жиберипти. Операция залының аўзында Кызларгүл зинирейип тур екен. Жағдайдың бәрин билип алғаннан кейин:

— Онда мен Есболды аўкатландырып кайтайын, болмаса өзиң де жүр,-деди Мәмбет.

— Врачтың айтыўына карағанда, 2-3 саат даўам ететуғын кусайды, барсам барайын,-деп Кызларгүл де бирге шыкты.

Олар аўкатланып келсе, Марс операция залынан шығып, колын жуўып атыр екен. Мәмбетти көриўден:

— О, кәдирдан Мәмбет достым,-деп кушағын ашты. Екеўи кушакласып көристи. Мәмбет аман-есенликтен бурын кемпирдиң аўҳалын сорады.

— Кутлыклайман, жора, операция сәтли шыкты, куда кәлесе бир ҳәптеден кемпир өз аяғы менен аўылға куўысады,-деди. Бул гәпти еситкен Есбол куўанғанынан жылап жиберди.

— Ал Мәмбет жора, мына карындас пенен инишекти алып үйге барасаң, бир күн мийманым боласаң,-деди.

— Мен кайта берейин, жумыстың жағдайлары солай болып тур,-деп Мәмбет гибиртиклеп еди.

— Жок, жора, мен сениң ушын докторлык жумысымды кейин ысырып отырман. Болмаса, бүгин Ташкентте жүриўим керек еди,-деди Марс. Бул гәпти еситкеннен кейин Мәмбет илаж ете алмады.

— Қарындасым, сен де жүре бер,-деди Қызларгүлге қарап.

— Ҳаў, апайдың қасына адам керек емес пе?-деп еди, Марс Қызларгүлдиң бетине үнсиз тигилип турды да:

— Жоқ, бүгинше адамның кереги жоқ. Бүгин өзимиздиң хызметкерлер болады,-деп телефоннан үйине қоңыраў етти.

— Ал, Мәмбет жора, үйге бара бериң. Қурдасың күтип алады. Мен жумысларды азғантай жайғастырып изиңизден жетемен,-деди.

— Ҳаў, кемпирди көрип кеткенимизде болатуғын еди, ең қурмағанда баласы көрип шықсын.

— Бүгин үстине кириўге болмайды, яқшы, сениң ушын баласына бир көрсетип шығайын,-деп Есболды ишке апарып апасын көрсетип шықты. Кеште Марстың үйинде отырып Мәмбет кисесинен қосықты алып:

— Бул бизиң Есбол шайырдың қосығы,-деп оқып берди. Кейин қосықты Марс алып оқып көрди. Және оқыды. Әдеўир ойланып отырды.

— Есбол балам, мен онша түсиниңкиремедим, не себеп жетим деген сөзди тырнақшаға алып жазғансаң?-деди. Есбол Жанар кемпирдиң айтқаны бойынша барлығын түсиндирип берди. Мәмбет ағаның ҳәм Қызларгүлдиң оған хеш қатнасы жоқ. Биреўи мектеп директоры, биреўи класс басшысы болғаннан кейин қарасып жүргенин айтты.

Анасы берген бир бет қағазды көрсетип:

— Мени туўған мына адам,-деп қосып қойды.

— Туўған болса, анам десеш,-деди Қызларгүл.

— Жоқ, мени туўып балалар үйине таслап кеткен адамды мен анам дей алмайман.

— Рахмет саған, Мәмбет жора,-деп Қызларгүлге қарап: — қарындасым, берекет табың, бағана емлеўхана бетте «апай» деген сөзиңизди дым ерси көрип едим. Енди түсиндим,-деп Марс Есболдың қолындағы қағазды алып көрди де:

— Ҳаў, мына келиншекти таныйман-ғо, бизиң көшеде турады,-деп сөзиниң изин жутып жиберди.

Соның арасынша телефон шырылдады.

— Ал Мәмбет жора, бизиң кәсип усындай. Бизиң жәрдемимизге мүтәжлер бар екен. Сизлер арқайын отыра бериң,-деп асығыс кийине баслады.

Марстың айтқанындай, Жанар кемпир бир ҳәптеде өз аяғы менен емлеўханадан шықты. Марсты сорастырып еди, ол Ташкенттен келмепти. Онда рахметимди келиншегине-ақ айтып кетейин деп үйине барды. Марстың келиншегиниң бир ҳәпте бурын ҳал үстинде келген

кемпирдиң бүгин өз аяғы менен келип ақ пәтиясын берип отырғанына қуўанышында шек жоқ.

— Апа, бир-еки күн үйде болып ҳәлленииңкиреп кетсеңиз болар еди, Марс та бүгин-ертең келип қалар,-деди.

— Қой балам, рахмет, тезирек Есболғаныма жетейин,-деп кемпир турыўға мейиллести.

— Апа, азмаз токтап турың,-деп бир жерге қоңыраў етти.

— Ҳәзир мениң иним машинасы менен үйиңизге апарып қайтады. Сиз бул турысыңызда автобустың тығылысына жарамайсыз.

— Пай, нәрестем-әй, бүйтип бүлине берип не қыласыз?-деди кемпир. Соның арасынша есиктиң алдына машина келип тоқтады.

Өмиринде жеңил машинаға минип көрмеген Жанар кемпир зырлап демде аўылға да жетти. Үйине келгеннен кейин, алып келген балаға үйге кир десе, кете берейин деп асықты. Май пулың деп пул берсе алмады.

— Он ца Есболжан, бир түйетаўықтың аяғын байлап машынға сал,-деди.

— Қой, апа, буны әжапам еситсе қапа болады,-деп шыр-пыр болды.

— Як, балам, үйиңе барып келин менен рәтиңизге жең. Пәтиямды беремен, қолымды қайтарма,-деп кемпир пәтиясын берди.

Жанар кемпирдиң саўалып келгенин еситкен бөлим баслық Нийетбай биринши болып жетип келди.

— Апа, тәўир болып келдиң бе? Мәмбет пенен Қызларгүлдиң хызметлерин еситип мен қатты қысынып қалдым. Көмек жорамның орнына мен сизге хызмет етиўим керек еди,-деп Нийетбай өзин ақлаўға сөз таба алмай атыр.

— Зыяны жоқ, балам, еле де саған хызмет көп. Аўырған ўақтымда бир жан садақа айтып едим. Соны атқарып берсең болды,-деди кемпир.

— Яқшы, апа, ертең кеште келип ойласық өткеремиз. Есбол, ертең кеште бир-еки қоңсыларды шақырып қойың, мен де бригадты алып келемен. Ҳәзир жумысқа бармасам болмайды,-деп Нийетбай асығыс турып кетти.

Ертеңине кеште Нийетбай келсе, Жанар кемпирдиң үйинде үш-төрт қоңсысы менен Султанбай партком отыр екен. Бәри сам-саз.

— Бул не, аманлық па? Бәриңиз сазырайып отырсыз-ғо?-деди Нийетбай сәлемлесип атырып.

— Бизлер ескиликтиң қалдығына қарсы гүресип атырсақ, мына алжыған қудай жолына садақа бережақ,-деди Султанбай гүрк етип.

— Дурыс-тә! Нийет еткеннен кейин берсин. Оның сизге не аўыр-

— Қарындасым, сен де жүре бер,-деди Қызларгүлге қарап.

— Ҳаў, апайдың қасына адам керек емес пе?-деп еди, Марс Қызларгүлдиң бетине үнсиз тигилип турды да:

— Жоқ, бүгинше адамның кереги жоқ. Бүгин өзимиздиң хызметкерлер болады,-деп телефоннан үйине қоңыраў етти.

— Ал, Мәмбет жора, үйге бара бериң. Қурдасың күтип алады. Мен жумысларды азғантай жайғастырып изиңизден жетемен,-деди.

— Ҳаў, кемпирди көрип кеткенимизде болатуғын еди, ең қурмағанда баласы көрип шықсын.

— Бүгин үстине кириўге болмайды, яқшы, сениң ушын баласына бир көрсетип шығайын,-деп Есболды ишке апарып апасын көрсетип шықты. Кеште Марстың үйинде отырып Мәмбет кисесинен қосықты алып:

— Бул бизиң Есбол шайырдың қосығы,-деп оқып берди. Кейин қосықты Марс алып оқып көрди. Және оқыды. Әдеўир ойланып отырды.

— Есбол балам, мен онша түсиниңкиремедим, не себеп жетим деген сөзди тырнақшаға алып жазғансаң?-деди Есбол Жанар кемпирдиң айтқаны бойынша барлығын түсиндирип берди. Мәмбет ағаның ҳәм Қызларгүлдиң оған ҳеш қатнасы жоқ. Биреўи мектеп директоры, биреўи класс басшысы болғаннан кейин қарасып жүргенин айтты.

Анасы берген бир бет қағазды көрсетип:

— Мени туўған мына адам,-деп қосып қойды.

— Туўған болса, анам десеш,-деди Қызларгүл.

— Жоқ, мени туўып балалар үйине таслап кеткен адамды мен анам дей алмайман.

— Рахмет саған, Мәмбет жора,-деп Қызларгүлге қарап: — қарындасым, берекет табың, бағана емлеўхана бетте «апай» деген сөзиңизди дым ерси көрип едим. Енди түсиндим,-деп Марс Есболдың қолындағы қағазды алып көрди де:

— Ҳаў, мына келиншекти таныйман-ғо, бизиң көшеде турады,-деп сөзиниң изин жутып жиберди.

Соның арасынша телефон шырылдады.

— Ал Мәмбет жора, бизиң кәсип усындай. Бизиң жәрдемимизге мүтәжлер бар екен. Сизлер арқайын отыра бериң,-деп асығыс кийине баслады.

Марстың айтқанындай, Жанар кемпир бир ҳәптеде өз аяғы менен емлеўханадан шықты. Марсты сорастырып еди, ол Ташкенттен келмепти. Онда рахметимди келиншегине-ақ айтып кетейин деп үйине барды. Марстың келиншегиниң бир ҳәпте бурын ҳал үстинде келген

кемпирдиң бүгин өз аяғы менен келип ақ пәтиясын берип отырғанына қуўанышында шек жоқ.

— Апа, бир-еки күн үйде болып хәлленинқиреп кетсеңиз болар еди, Марс та бүгин-ертең келип қалар,-деди.

— Қой балам, рахмет, тезирек Есболғаныма жетейин,-деп кемпир турыўға мейиллести.

— Апа, азмаз токтап турың,-деп бир жерге қоңыраў етти.

— Хәзир мениң иним машинасы менен үйиңизге апарып қайтады. Сиз бул турысыңызда автобустың тығылысына жарамайсыз.

— Пай, нәрестем-әй, буйтип бүлине берип не қыласыз?-деди кемпир. Соның арасынша есиктиң алдына машина келип тоқтады.

Өмиринде жеңил машинаға минип көрмеген Жанар кемпир зырлап демде аўылға да жетти. Үйине келгеннен кейин, алып келген балаға үйге кир десе, кете берейин деп асықты. Май пулың деп пул берсе алмады.

— Он ға Есболжан, бир түйетаўықтың аяғын байлап машынға сал,-деди.

— Қой, апа, буны әжапам еситсе қапа болады,-деп шыр-пыр болды.

— Яқ, балам, үйиңе барып келин менен рәтиңизге жең. Пәтиямды беремен, қолымды қайтарма,-деп кемпир пәтиясын берди.

Жанар кемпирдиң саўалып келгенин еситкен бөлим баслық Нийетбай биринши болып жетип келди.

— Апа, тәўир болып келдиң бе? Мәмбет пенен Қызларгүлдин хызметлерин еситип мен қатты қысынып қалдым. Көмек жорамның орнына мен сизге хызмет етиўим керек еди,-деп Нийетбай өзин ақлаўға сөз таба алмай атыр.

— Зыяны жоқ, балам, еле де саған хызмет көп. Аўырған ўақтымда бир жан садақа айтып едим. Соны атқарып берсең болды,-деди кемпир.

— Яқшы, апа, ертең кеште келип ойласық өткеремиз. Есбол, ертең кеште бир-еки қоңсыларды шақырып қойың, мен де бригадты алып келемен. Хәзир жумысқа бармасам болмайды,-деп Нийетбай асығыс турып кетти.

Ертеңине кеште Нийетбай келсе, Жанар кемпирдиң үйинде үштөрт қоңсысы менен Султанбай партком отыр екен. Бәри сам-саз.

— Бул не, аманлық па? Бәриңиз сазырайып отырсыз-ғо?-деди Нийетбай сәлемлесип атырып.

— Бизлер ескиликтиң қалдығына қарсы гүресип атырсақ, мына алжыған кудай жолына садақа бережақ,-деди Султанбай гүрк етип.

— Дурыс-тә! Нийет еткеннен кейин берсин. Оның сизге не аўыр-

манлығы бар?-деди баслық.

— Әне, «балық басынан ширийди» деген, баслығы усындай пессимист болғаннан кейин басқалар не қылмайды?! Нийетбай, сениң мәселеңди партжыйналысқа саламан,-деди партком ҳәкиреңлеп.

— Ақсақал! Қолыңнан келсе бақа жуттыр. Сен басшы болсаң ҳәммеге тең қара. Совхоз директордың баласы велосипедтен жығылып садақа бергенде жыңқ етпей қазанның басында турдың-ғо. Сениң қолыңнан басшыларға жарамсақланыў, ал пақыр-пуқараның мерекесин бузыўдан басқа хеш нәрсе келмейди. Былтыр да Балтабай тракторшының баласының сүннет тойын Арменияда жер қозғалды деп бузып едиң. Қай жерде сениң халыққа жақсылық еткен күниң бар. Мудамы ойлайтуғының жаманлық, кисиниң аяғынан тартыў, питейин деп турған истиң белине тебиў,-деп Нийетбай қызып кетип көп ўақтан берли ишинде саклап жүрген бүкпейлерин төгип таслады.

— Еле сениң менен көремен. Партжыйналысқа мәселеңди қойып, алдымда төрт бүгилдирип кеширим соратаман,-деп Султанбай да қызды.

— «Қул қашаман деп қорқытады» дегендей, сениң партжыйналысқа саламан деген бир абайың бар. Бириншиден, мен коммунист емеспен, екиншиден, сол сениң партжыйналысыңа бармайман.

— Сен коммунист болмағаның менен директор коммунист. Сени жеп отырған наныңнан айырмасам әкел қолыңды.

— Султан, маған нанды сен берип отырған жоқсаң, мен маңлай терим менен тауып отырман. Соны да ядыңда сақла, маған ҳәмелди сизлер берген жоқсыз, халық сайлады. Сонлықтан мен халықтан айырылып сизлердиң сықпаныңызды сыға алмайман,-деди кескин түрде Нийетбай.

— Усы сөзлериңе пушайман жегиземен. Еле сениң менен көремен,-деп Султанбай өкшени көтериў менен болды.

— Айнанайын Нийетбайжан, сениң жумысыңа кесири тийетуғын болса, усы сауданы қоя қояйық,-деди Жанар кемпир.

— Яқ, апа, «шешинген суўдан таймайды», тап усының усы қылғанына үйден бир қой әкелип Көмек жорама қуран да шығартып жиберемен,-деди жеделленип. Күни менен еки басшыға сөз қоса алмай ар-сар болып отырған қоңсылар:

— Аўа, дурыс-дурыс,-деп жабырласып қоя берди.

Нийетбай енди тийкарғы мәселеге өтти. Ири-ғаба жумысларды бөлистирди де қалған майда-шүйде жумысларды бригадқа тапсырып:

— Ал апа, пәтияңды бер, бизлер турамыз,-деди.

Султанбай азан менен директордың кабинетине кирип, түндеги ўақыяны қопсытыңқырап айтып, Нийетбайдың мәселесин қараўды

усынды ҳәм;

— Партия ағзаларын қулға теңеди,-деп қосып та қойды.

— Уәй Султанбай иним-әй,-деди директор. — Сен өзи телевизор көрип, газета оқыйсаң ба? Сиясаттың қаяққа баратырғанынан хабарың бар ма, өзи? Сен еле баяғы «ура-ура» психологиясында жүрсеңғо! Ҳәзир адамлар партбилетин отқа жағып, Лениниң жағасынан алып атырғанда, сениң партжыйналысыңнан ким қорқады? Ол заманлар өтип кетти. Оның орнына өзиңди ойла, парткомлық штат қысқарып атыр. Совхозда ислейтуғын болсаң бул жигитлер еле керек болады. Халықтың ыққан жағына қарай ығысып үйрениў керек,-деди салдамлы түрде.

Султанбай директордың кабинетинен сымпыйым, ускини қуйылып шықты. Енди өзи ҳаққында ойлай баслады. Аўыл хожалығы жумысын еплей алар ма екен? Мектепке өтиў ушын РайОНО баслығына барыў керек. РайОНО баслығының алдына барыўға да бети жоқ. Мектеп директоры ўақтында талай партжыйналысқа шақырып ийт азапты бергени бар.

Султанбай шығыўдан директор секретарын шақырып, тез Нийетбайды табыўды тапсырды. Бул ўақытта Нийетбайдың өзи-ақ қабыллаўханада отыр еди.

— Сизди директор шақырып атыр,-деди секретарь қыз.

Азан менен Султанбайдың кеңседен шығып баратырғанына гүдикленип киятырған Нийетбайдың иши «ғымм» ете қалды. Енди тийисетуғын болды-аў деп ойлады ишинен. Бәрибир шақырғаннан кейин алдына кирмесе болмайды. Тәўекел, директордың есигин қақты. Директордың кейпи жақсы. Аманлық-есенлик сорасып күтип алды.

— Нийетбай иним, жақсы басламалар баслап қәўендерсизлерге қәўендерлик етип атыр екенсең, дурыс ислепсең, өзиң басшылық етип мерекесин дағытып жибериң. Меннен жәрдем керек болса мен де тайынман. Складта салы бар, гүриш жегизип берейик. Хабарына көлик берейик. Отын-шөбине трактор ажыратайық,-деди директор қолын Нийетбайдың ийнине қойып турып.

— Рахмет аға, барлығын өзлеримиз шешип қойыппыз. Бизди қуўатлайтуғыныңыздың өзи үлкен жәрдем. Жанар кемпирдиң қайтыс болған баласы он жыл бирге оқыған жорам еди. Соған өзимниң атымнан қуран да шығартып жибережақ ойым бар,-деди Нийетбай истин алға баслағанынан көўли толып.

— Дурыс етесең, иним. Ата-бабалардың дәстүрлерин кәстерлеўимиз керек. Қабыл болсын, иним. Ремонт тоқтап қалмасын, адамларыңды ретлеп жумсарсаң, якшы ма?

— Якшы, аға, басқа тапсырмалар болмаса, ремонтшыларымнан

хабар алсам!

— Асықпай тур, бир ойласық бар,-деди директор. — Совхозда парткомлық штат қысқарып атыр. Султанбайға қандай жумыстың рети болар екен? Ойласық-ғо.

— Қәнигелиги не екен?

— Муғаллимшилик.

— Мектебине кете берсе болмай ма?

— Енди, өзи кетемен демесе, кет деў-әм қыйын-дә. Совхозда 15 жылға шамалас иследи. Жумыс таўып бериўимиз шәрт. Бизлер берген жумысты ислеў-ислемеў өзинин жумысы.

— Қәйдем, буған не айтарымды да билмей турман.

— Нийетбай иним, сениң менен ойласып отырғандағы мақсетим, быйыл 3-бригада баслығың Тәңирберген аға пенсияға шықпай ма?

— Аўа.

— Соның орнына бригадир етсек, қалай қарайсаң?

— Яқшы, сиз солай уйғарсаңыз бизге мақул,-деп рухсат сорап шығып баратыр еди:

— Нийетбай, ертең азанда жобаластырыў жыйналысы болады. Соған Тәңирберген ағаны көндирип әкел. Бир шапан, тақыя, белбеў де ғамластырып келегөр,-деди.

— Яқшы аға, сиз айтқандай болады,-деп Нийетбай шығып кетти.

Азанда жобаластырыў жыйналысы басланды. Жыйналыстың соңында Тәңирберген ағаны ортаға шығарып 60 жасы менен қутлықлап, таярлап қойылған шапан менен тақыяны кийгизип, белине белбеўин байлады. Дирекция тәрепинен таярланған адресатты оқып тапсырды. Кейин директор көпшиликке қарап:

— Енди Тәңирберген ағаның орнына бригада басқарыўшысын таярлаўымыз керек. Бул орынға мен совхоздың парткомы Султанбайды усынаман, басқа усыныс бар ма?-деп жән-жағына қарады. Селт еткен жан болмады. Ким директордың усынысына қарсы шықсын?! Ҳеш нәрсеге түсинбеген Султанбай орнынан турды. Бирақ, өмиринде басшыға қарсы сөйлеп көрмегенликтен хеш нәрсе айта алмады. Нийетбайдың бетине қарады. Нийетбай да Султанбайдың қандай халда екенин билейин деп сын нәзери менен қарап еди, Султанбай дәрҳал көзин тайсалақлатып төмен қарады.

— Өзиң не дейсең, Султан?-деди директор.

— Биз не деймиз, биз бир солдат, командир қайда жумсаса жүре беремиз,-деди даўысы қалтырап.

— Онда Тәңирберген ағаның орнына №3 бригадқа басшылық етиў Султанбайға тапсырылсын деген кеңес ағзалары қол көтериң,-

деди. Ҳәмме толық қол көтерди.

— Онда Султан, бүгиннен баслап Нийетбай баслығың, соның менен бирге ислесесең,-деди. Султанбай иллә деп аўзын ашпады, мақуллаў мәнисинде басын ийзеди. Директор:

— Усының менен жыйналысты жабамыз, басқа кимде усыныслар бар?-деди.

— Менде,-деп Нийетбай орнынан турды.

— Айтабер,-деп директор рухсат берди.

— Жолдаслар!-деп сөз баслады Нийетбай. — Базар күни бизиң аўылдағы Жанар кемпирдиң үйинде аманлық садақа бар. Және баласы Көмекке қуран шығартамыз. Аўыллардағы моллалар қалып коймасын, ҳәммеңизге айтқаным. Жыйналыстан соң бизиң бөлимниң адамлары усы жерде қалсын, мен болдым,-деп орнына отырды.

— Ал онда, жумысларға ғайратты салың, рухсат бәриңизге,-деп директорда залдан шықты. Иште тек Нийетбайдың бөлиминиң адамлары қалды. Нийетбай:

— Жигитлер,-деп сөз баслады, — бизлер елге басшы болғаннан кейин ўазыйпамыз тек жумысты талап етиў емес. Халықтың мерекелəзымын атқарысып, төмен хожалықларға жәрдем қолымызды созыўымыз керек. Мектеп директоры Мәмбет пенен Қызларгүл қарындасымызға рахмет! Олар болмағанда Жанар кемпирдиң намазын-ақ билип қалар екенбиз. Бул қурақым абырай берип аман қалды. Соның ертеңги мерекесин көплеп-көмеклеп атқарып жиберейик,-деп тапсырмаларды бөлистире баслады. Жанар кемпирдиң үйиндеги қылўалары ушын жортаға мерекениң отынын Султанбайға тапсырды...

Жанар кемпир хайран. Бурын есигин ашпайтуғын адамлардың бәри жумалап есигинде хызметте жүр. Кешеги «Ҳәй алжыған, садақа бермейсең» деп доқ урып кеткен парткомның өзи отын әкелип «қабыл болсын» айтып кетти. Гейде исенбей «түсим емес пе екен» деп өзин шымшып-шымшып алып та көреди. Өзи бес-алты үйди шақырып тарқатарман деп отырған садақасына қоңсы аўыллар да шақырылып, үлкен мерекеге айланды. Үйде тек бир қалта уны бар еди. Ийлем-ийлем наннық қайдан жаўылып, ийлем-ийлем баўырсақтың қайдан писирилип атырғанына түсинбейди. Баслықтың әкелген қойының қасына нийетлеген ылағын қосып еди. Қайдаң келгени белгисиз, орнына нәҳән қазақы қой сойылды.

«Көплеген қонақ атқарар» деген, қонақ көп болғаны менен баслық пенен бригадирлердиң бәри қол усласып турғаннан кейин бәри ың-жыңсыз атқарылды. Бүгин Жанар кемпир ҳəз етип уйқылады. Бундай болып көп заманлардан бери қатты уйқылай алған жоқ еди. Себеби, айтқан садақасын берди, үйинен шығарылған марҳумлардың

бәрине қуран шығартып, руўхларын тыпышландырды. Азанда уйқысы қанып ерте турды. Дийўалдағы саатқа қараса еле ертерек екен. Орнында жатып ойға шүмди. Қызық, бурын сәлемин зорға беретуғын адамлардың бәри бир ҳәптеден бери үйинде хызметте болды. Бунын бәрине Көмекжанның жорасы Нийетбай себепши. Ҳәммеси Нийетбайдың абырайына жуўырды. Баласының қайтыс болғанына 14 жыл болды. Нийетбай усы ўақытқа шекем қайда еди? Нийетбайдың кеўлине бундай жақсылық нурының қуйылыўына Есболжанның муғаллими Қызларгүл менен мектеп директоры Мәмбеттиң қайырқомлық ислери түртки салды. Сол ўақта барып Нийетбай Көмек жорасының үйине барып қуран оқытпағанына 13 жыл болғаны есине түсип, қысынғанынан айыбын жуўыў ушын бул истиң бәрин шөлкемлестирди.

Усыларды ойлап жатып кемпир:

— Қой, турайық. Есболжан оқыўына кешигип қалар,-деп турыўға мейиллести.

Бүгин Есболжанның да жүзи жарқын. Бурын мудамы шетлеп тунжырап жүретуғын еди. Балалардың ойынына қосылып ўақ-шақ болып жүр. Қызларгүл оның сыртынан сүйсинип қарап турып бирден Есболдың қосығы ядына түсти. Көзинен қалай жастың булап шығып атырғанын өзи де сезбес еди.

— Хаў, Қызларгүл, жылап турсаң ба? Не болып қалды?-деди Абадан.

— Ҳеш! Өзим,-деп көз жасларын сыпырды.

— Сонда да, айтса! Меннен жасыратуғын не сырың бар?

— Ҳеш қандай сырым жоқ. Мәмбет ағада Есболғанның шығарған қосығы бар. Соны оқысаң, өзиң де жылайсаң,-деди Қызларгүл.

— Пай, қойш! Қосық оқып жылағанды биринши көриўим,-деп Абадан ишке кирип кетти.

Балалар менен бирге ойнап-күлип киятырған Есболдың көзи үйиниң алдында турған таза «Волга» машинасына түсип, ҳайран қалды. Бундай машинасы бар ағайинлери жоқ еди. Ҳайран. Ким болды екен? Ол әсте есиктен сығалады, төрде шашын буйралатып, Пушкинниң шашына усатып қойған, бет-аўзының саў жерин қоймай бояған, ҳәтте бетине пудраны көп жаққаны соншелли, қатық жағып қойғандай бир ҳаял отыр. Бержағында 4-5 қоңсылар бар. Ҳәмме сам-саз, ҳеш бириниң жүзинде қуўаныштың белгиси сезилмейди. Азанда жадырап қалған апасының де үскини қуйылып кеткен. Есбол ишке киргенде де ҳәмме тым-тырыс.

— Айнанайын Есболжан, келдиң бе шырағым?-деп апасы баўырына басқан ўақытта ғана төрдеги ҳаял сөйлей баслады:

— Айттым-ғо, қорлап қойыпты деп! Үстиндеги кийимине қара, гүпәйки ме, нәп бәлә? — Ол емес сениң апаң, мен боламан сениң туўған анаң. Мен сени алып кетиўге келдим, балам. Мен сени бүйтип қорлатып қоймайман. Үстиңе шерим куртка, басыңа норка малақай алып беремен. Мына есиктиң алдындағы «Волга» сениң еркиңде болады. Жүр балам, алып кетейин,-деп жуўқылдап атыр еди, сырттан Нийетбай, Султан ҳәм Мәмбет кирип келди. Нийетбай адамлар менен сәлемлесип атырып бул жерде атмосфераның басқаша екенин түсинди. Жанар апаның бетине қарап еди, кешеги ўақты хошлықтан наўа жоқ.

— Апа, бул не, аманлық па, дым қапа көринесиз?-деди Нийетбай. Тап усыны күтип турғандай Жанар кемпир бирден өкирип жиберди.

— Қарағым-аў, бизиң көрмегенимиз көп екен-ғо. Бул қудай бизди қашанғы сынай береди. Есболжанымды алып кетиўге келип отыр булар,-деди сөзин бөлип-бөлип солығын баса алмай.

— Ким алып кетежақ, қандай ҳақысы бар?-деп Султанбай қызып киятыр еди, Мәмбет ийнинен қағып тоқтатты.

— Баланың өзинен сорайық,-деди Мәмбет суўыққанлық пенен, — қәне, Есболған, айт расыңды, усы үйде қаласаң ба я мына апаң менен кетесең ба?

— Яқ, мен хеш жаққа кетпеймен,-деп Есболған Жанар кемпирди қушақлады.— Апа, мени хеш жаққа жиберме, мен ҳеш жаққа кетпеймен.

— Бул жақта балаңыздың бар екенин қайдан билдиңиз?-деди Нийетбай қызықсынып.

— Марс врачтың ҳаялынан еситтим,-деди. Мәмбеттиң иши ғымм ете қалды.

— Баланың жуўабын өз қулағыңыз бенен еситтиңиз. Бала бизлердики, ҳеш жаққа бармайды. Келип-кетип көрип турамыз десеңиз есик ашық,-деди салдамлы түрде Нийетбай.

— Сизлердиң қандай ҳақыңыз бар? Баланы туўған мен бе я сизлер ме? Алып кетемен дедим бе алып кетемен!-деп Жадыра бийҳаяшылыққа салды.

— Өзиңизди басың, қарындасым. Бул жигит Нийетбай деген, усы елдиң баслығы, бул жигит Султанбай бригад, мен усы жердеги мектептиң директорыман, атым — Мәмбет. Бизлер әлле ким емеспиз, усы елдеги хәр бир адамның қайғы-қуўанышына шерикпиз. Бизлердиң ҳақымыз болмай, кимниң ҳаққы болады?-деди Мәмбет салмақлап.

— Бәрибир алып кетемен,-деп тоты құстай бир сөзин тәкирар-

лай берди.

— Бала керек болса, қарағым, усы уақытқа шекем қайда един?-деп кисесинен бир бет қағазды алды. — Есит Есболғанның шығарған қосығын,-деп қосықты тәсирли етип оқып берди. Отырғанлардың бәриниң жүрек-бауыры елжиреп, көзлеринен жастың парлап аққанын сезбей қалды. Жадыраның да көзиниң бояўлары ерип, биротала әпшерин қашырды.

— Қарағым, аспанға ушсаң да, жерге от қойсаң да, баланың айтқаны болады,-деди кескин түрде Нийетбай.

— Аўа, дурыс-тә, бала не айтса сол болсын,-деп сөз қосты Султанбай.

— Балам, айта-ғо, кетемен десеш,-деп Есболға жалына баслады. — Бар дүньямнын бәрин сениң жолыңа шашаман.

— Айттым-ғо хеш жаққа бармайман деп, бармайман,-қышқырып жиберди Есболған.

— Сонда да, балам, мен сени жетим етип қорлатып қоя алмайман.

— Мени жетим етип балалар үйине таслап кеткен өзиң. Мен ҳәзир жетим емеспен, баўырман апам бар, баўырман мынандай ағаларым бар, баўырман устазларым бар, мен жетим емеспен,-деди қолын шошайтып турып Есболған.

— Қой, балам, үйге келген адамның зейнине қатты тийиўге болмайды,-деп Жанар кемпир Есболды баўырына басты. Енди бийҳаялығынан нан писпейтуғынына, Есболды дүньяға қызықтырып ала алмайтуғынына көзи жеткен Жадыра пәсине қайтты.

— Жаслықтың мәслиги менен ҳеш нәрсени түсинбегенбиз. Аяғымызға ораў болар деп Зиятжанды балалар үйине тапсырып едик. Усы нәрестениң ғарғысына ушырадық па, билмеймен, кейнинен қайтып изимизге қара ермеди. Атын да Есболған деп өзгерткен екенсиз. Енди апа, бир өтинишим, мениң де көзимниң ағы-қарасы — усы бала. Маған да ес болсын, арасында саўға-сәлем әкелип турыўға рухсат етсеңиз. Ара-тура үйге де жиберип турың,-деп еңиз-теңиз болып жылап сыртқа шығып кетти. Бет-қолын жуўып айланып келди. Есболған енди бетине қарап еди, жүзи гүл-гүл жайнап тур екен. Күни менен бетине өли шырай берип турған бояўлар екенин түсинди. Тынышлықты тамағын қырынып алып Мәмбет бузды:

— Енди, қарындасым, бир мәмилеге келсек болады. Бизде ҳешқандай қарсылық жоқ. Келиң, кетиң, қатнасың. Бирақ, кемпирдиң мына ҳалында оны жалғыз сүйенишинен айырып тирилей гөрге тығып кетиўиңизге қарсымыз. Сол баяғы жаслықтың қызыўы менен таслап кеткен балаңызға аналық меҳирин берип, усы дәрежеге алып

келди. Хәзир мектебимиздиң мақтанышы. Ақыл-ойы пүтин. Бағанағы қосығын көрдиң бе? Анаў-мынаў мен шайырман деп жүргенлер де бундай етип жаза алмайды. Сондай етип бала тәрбиялаған адамға «қорлап қойыпсыз» деп доқ урғаның орынсыз болды. Аўылдың балларының хеш қайсысында буннан артық кийим жоқ. Хәтте усы кемпир мектептен кем тәмийинленген хожалықларға берилетуғын кийимнен де алдырған жоқ.

— Яқшы, аға, қызыў менен кеўлиңизге тийген болсақ кеширерсиз,-деп төмен қарап отырды. Аздан кейин: — Рухсат болса, бизлер қайтамыз,-деп Жадыра турыўға мейиллести. Сыртқа шыққаннан шоферына:

— Машынның артындағыларды түсир,-деди.

Машинасының артын ашып жиберип, адамлар мерекесине зорға коробкасы менен алатуғын шоколад, печенье, 5-6 колбаса және бир қара малдың пүтин бир санын түсирди.

— Есболжан, гүналы апаңды кешир, маңлайыңнан бир сүйейин,-деди Жадыра.

Бирақ, Есбол дәрпенбеди. Өзи-ақ қасына барып сүймекши еди, апасының артына тығылды.

— Балам, сүйдире-ғо,-деп кемпирдин жалынғанын да тыңламады.

Бул көринистен қорлығы келген Жадыра өкириўи менен машинаның кейинги есигинен бойын ишке таслады. Усыны күтип турғандай шофер газ бериў менен болды.

— Их-их-их, өзине де кереги сол еди,-деди Султанбай мәс болып.

— Султан, өй деме, қәтешилигин мойынлаған адам жаман адам болмайды. Дым бир ондай жаман нашарға усамайды,-деп Есболға қарап: — балам, мың айтқан менен ол сениң туўған анаң, кеўлин қалдырғаның әнтек болды,-деди Мәмбет.

— Мәмбет дурыс айтады, бул ис әнтек болды. Ертең бизиң машын менен апаң екеўиңиз барып қайтың. Кеширим сора,-деди Нийетбай. Есбол Жадыраны ишинен қанша жек көрип турса да басլыққа яқ деп айта алмады. Азанда Жанар кемпир баласы екеўи басլықтың машинасы менен Жадыраның үйине келди. Есиктиң алдында «тез жәрдем» машинасы тур екен. Үшеўи де хаўлығысайын деди. Есиктиң аўзында кешеги үйге келген шофер тур екен.

— Хәй, балам, аманлық па?-деди кемпир.

— Жадыра апаның азанлы бери қан басымы көтерилип түспей атыр,-деди.

Ишке кирсе врач Жадыраның қан басымын өлшеп атыр екен.



QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI
SHOMANAY RAYONI
MÁLIMLEME-KITAPXANA ORAYI
INV № 2021/5-13

Күни менен жек көрип киятырса да Жадыраның мына жатысын көрип Есболған да қатты аяп кетти. Өлшеп болғанша тым-тырыс турды.

— Балам, қалай жағдайы?-деп кемпир тынышлықты бузды. Врач басын шайқады. Демек, еле қайтпаған. Биреўлердиң келгенин сезген Жадыра басын бурып есик бетке қарады. Есикте Жанар кемпирдиң қасында турған Есболды көрип орнынан жеп-жеңил ушып турды. Қушағын ашып Есболғанға қарай тасланды. Бул рет Есбол тайсалмады. Еңиз-теңиз болып жылап жүрип, аймалап сүйип атыр, сүйип атыр. Есболдың қасында басқа адам барын сезбейди-әм. Көзине тек Есболдан басқа хешким, хеш нәрсе көринбейди. Өзиниң аўырып атырғаның да, қасындағы врачты да умытқан сыяқлы. Еле аймалап сүйип атыр. Хешким кеңсент етпеди. Бирмайданнан кейин барып уйқыдан оянғандай дөгерегинде өзлеринен басқа адам бар екенин сезди. Жанар кемпир менен де, шофер бала менен де жылап жүрип қушақласып сүйисип көристи.

— Хаў, не қылып турмыз, қонақ жайға жүриң,-деп кең залға алып кирди. Залға кириўден Есболдың аўзы ашылып қалды. Диййўаллардағы нағыслар, мебель, стол, стуллары, перделери — бәри-бәри көздин жаўын алып баратыр. Төсек тартып жатырған Жадыра демниң арасында аяқ-аяғына тиймей шаққанласып кетти. Буған хайраны шыққан врач изинен ерип жүрип:

— Хаў, Жадыра, сизге хәрекет етиў қәўипли. Қан тамырларыңыз жарылып кетиўи мүмкин,-деп шыр-пыры шығып жүр. Оған итибар беретуғын Жадыра жоқ. Столдың үстин демде түрли жемиске толтырып таслады. Кемпирдиң стульчикте қолайсызланып отырғанын сезди де диванның жанындағы креслоны столға жақынлатып соған отырғызды. Өзи де столдың қасына келип отырды. Врач қасына келип:

— Және бир мәрте қан басымыңызды өлшеп жиберейин,-деди. Жадыра кемпир менен сөйлесип отырып врачқа билегин тутты. Қан басымын өлшеп болып хайран болған пишинде Есболғанның қасына келди.

— Нағыз Луқман тәўип екенсең-ғо. Азанлы бери не деген укол, не деген дәри менен қайтара алмай атырған қан басымды хәпзаматта орнына түсирдиң,-деди.

— Айнанайын Есбол мениң тек тәўибим емес, мениң өмирим,-деп басынан сыйпап отырып сөзин даўам етти. — Қыдырып келеғойдың ба, балам?

— Кешеги қыласыныма кеширим сораўға келдим,-деди Есбол мińгирлеп.

— Ҳаў, сен не деп кеширим сорайсаң? Сенде не гүна бар? Айыптың бәри өзимде. Сен мени кеширсең болғаны. Мениң басқа әрманым жоқ, балам!-деди. Азанлы бери аўырыўдың әўерешилиги менен жайдың салтанатына кеўил бөле алмаған врач дийўалдағы ганчларға қарап отырып:

— Бай-бай! Бизлер еки бөлмели общит жайда турамыз. Мынандай жайда жасап атырған, Жадыра апа, әрманыңыз бар ма екен?-деди.

— Пай иним-әй! Дәртимниң аўзын тырнайсаң-аў. Бийперзент болсаң ҳеш гәп, Қудайдан көресең. Перзентли болып, өзиңниң ақмақлығыңнан соған ийелик ете алмасаң соннан үлкен дәрт, соннан үлкен әрман бар ма? Иним-аў, мына зәўлим жайды ким ушын салдырдым, сонша дүньяны ким ушын жыйнадым деген сораў ядыма түссе жүрегим артқа тартып кетер еди. Қан басымымның көтерилиўине де сол себепши болды. Болмаса мени диссертация жазып ямаса том-том китап жазып қан басым болды дейсең бе?! Не ишемен, не жеймен, не кийемен, не минемен — бәри тайын. Тек перзент дағы. Ана мәңгүр байымнан ажырасқаннан баслап Зиятжанды изледим. Бирақ, таба алмадым. Атын өзгертеди деген кимниң ойында бар. Кейнинде гүдерди үзип қойдым. Айында бир рет көшениң қатынлары менен «қатын зияпат» өткеремиз. Басқалар арақ ишип мәс болса, мен бийперзентлигимди айтып жылайтуғын қусайман. Бир күни Марс врачтың қатыны:

— Ҳәй, Жадыра, ай десе аўзы бар, күн десе көзи бар, ап-ақыллы шайыр балаң бар, сен неге бийперзентпен деп жылайсаң?-деўи бар ма.

— Егер усы гәп рас болса гезексиз он рет зияпат беремен,-дедим жүрегим жарылып. Сөйтип Есболжанды таўып барып жүргеним. Сол күни Есболдың кеширим бермегенине енди биротала кеширмес деп қорқып, аўырып қалып жүргеним-ғо. Сен әрман етип отырған жай, дүнья бир перзенттиң бир тырнағына татымайды, қарағым,-деди көз жасын булап отырып.

— Жадыра апа, бизлер қайтыўымыз керек, баслық түске айланып келиң деп еди,-деди шофер бала саатына қарап.

— Баслығың күтсе өзиң қайта бер. Бәрине меннен сәлем айтарсаң. Булар мениң бүгин ең ҳүрметли қонағым болады. Азанда базарлатып өзим апарып таслайман. Жолың болсын, қәйним,-деп Жадыра шоферға рухсат берди. Врач та, шофер да қайтты, енди үйде өзлиөзи қалды. Кемпирдиң бир зат айтқысы келип қайта-қайта оқталып айта алмай отырғанын Жадыра сезди.

— Апа, бир зат айтажақсыз ба? Тартынбай айта бериң,-деди.

— Қарағым-әй! Сораў-әм қыйын екен. Баланың әкеси қайда?- деди кемпир тартыныңқырап. Бундай сораўды күтпеген болса керек, Жадыра диванға бойын таслап бир майдан жылап алды.

— Группамыздағы Орынбасар деген бала оқыўдың биринши күнинен баслап-ақ қызлардың дыққатын өзине тарта баслады. Өзи шайыр тәбиятлы, сөзге шешен, спортқа да қызығады. Қызлардың көбиси сол Орынбасардың көзине жақсы көриниўге, оны өзине қаратып алыўға тырысар еди. Сол талабанлардың бири мен едим. Бирақ, группадағы 16 қыздың ишинде бул бахытқа тек мен еристим. Демниң арасында биринши курс жуўмақлана келди. Жазғы каникулға шығып қосыламыз деп жүргенимизде Орынбасарды бирден әскерий хызметке шақырып алып кетти. Алдыға қойған әрманларымыздың бәри пушқа шықты. Орынбасар кеткеннен кейин ғана бойымда бир нәрсениң пайда болып қалғанын сездим. Орынбасар тез-тезден хат жазып турды. Бирақ, сентябрьде II курсқа бармай қалдым. Жағдайым түсиникли еди. Бул аўҳалды үйдиң иши де билип қойды. Ҳәр күни үйде даў-жәнжел басланды. Әжағам да, ағам да бәри апама азап береди, маған хеш қайсысы хеш зат демейди. Азаптың бәрин еситип келип апам мени жулып, дүмпишлейди. Ҳәр бир күним жылға татырлық дозақый күнлер басланды. Ағам, әжағам хәм апам үшеўиниң ортасында және жәнжел басланған ўақта Орынбасардан келген хатлардың бәрин апарып дастурханның үстине қойдым.

— Мине, мына хатларды оқып кәриң! Ол келгеннен кейин қосыламыз,-деп жылап жайыма кирип кеттим. Соннан баслап үйде жәнжел тоқтағандай болды. Бирақ, Орынбасардан үзил-кесил хат келгенди қойды. Мен және езиле басладым. Бул аўҳалымды көрген әкем бир күни:

— Қызым, бүйтип өзинди алдыра берме, өзим Орынбасардың үйинен хабар алып келемен,-деп кетти. Кеште жүдә қапа пишинде жайыма кирди.

— Қызым, өзиңди усла. Не болар ис болыпты,-деди. Мен түсинбедим.

— Астарламай айтынса,-дедим бир жаманлықты сезип.

— Оның саған хат жазбағанының себеби бар екен. Байғус қайтыс болған екен,-деди әкем. Мен кейни не болғанын билмеймен. Көзимди ашсам аўыллық фельдшер укол салып пәрмана болып жүр екен...

Ертеңине апам жайыма кирип:

— Қызым, бизиң дәстүримизде қыз баланың өз үйинде туўғаны айып болады. Әкең менен әжағаң ел ишинде бас көтерип жүре алмайды. Қолайлы биреў табылса узатып жиберейик,-деди апам жалы-

нышлы. Енди маған өмирдиң қызығы жоқ еди. Мен «аўа» я «яқ» демедим, сазырайып отыра бердим. Кейин дус келген биреўдиң жетегине ертип жиберди. Тийген күйеўим де бир арақхор болып шықты. Сол ҳалына биреўдиң белинен болған баланың маған кереги жоқ деп Зиятжанды балалар үйине тапсыртты. Әри-бери хожалық болып кете қояйық деп урынып көрдим. Пайдасыз болды. Соңынан айырылысып тындық. Бирақ үйге қайтып бармадым. Әри-бери Зиятжанды излестирип едим, таба алмадым. Нәтийжеде саўдаға араластым да пулдың қызығына түсип кеттим. Мың дүнья жыйнағаның менен жас мингеннен кейин қыйын екен,-деп гүрсинип койды Жадыра.

— Папамның кәбирин барып көрдиниз бе?-деди Есбол.

— Як.

— Маған мәкан жайын бериң, мектепти питкергеннен кейин таўып аламан,-деп Есбол мардыйыңқырап отырды.

— Айнанайын ақылыңнан, усы ақыл мениң мына бос геллеме усы ўақытқа шекем кирип те шықпапты-аў. Оның тек Мойнақтан екенин билемен. Бирақ, егиз қозыдай болып жүретуғын Әбдирахман Жуманиязов деген жорасы бар еди аўылынан.

— Папамның фамилиясы ким?

— Аралбаев.

Есболған дәрхал бәрин койын дәптерине жазып алды.

***

— Ассалаўма әлейкум, ақсақал!

— Ўәлейкум ассалам!-деп Әбдирахман сәлем берген баланың бет-әлпетин биреўге шырамытып бираз тигилип турды, бирақ еслей алмады.

— Сиз Әбдирахман Жуманиязов боласыз ба?-деди бала салдамлы түрде.

— Аўа, иним, -сизди қай жерде көргенимди еслей алмай турман, кимниң баласы един?-деди Әбдирахман танымағанын мойынлап.

— Мен бул районға биринши келиўим, сиз мени танымайсыз, бурын көриспегенбиз,-деди бала.

— Жоқ, мен сени бир жерде көргендеймен, даўысың да таныс,-деп ҳайран болды.

— Сиз әскерий хызметте жүрип қайтыс болған Аралбаев Орынбасар деген бала, Сәлимова Жадыра деген қызлар менен оқыдыңыз ба?

— Аўа, бирақ Аралбаев Орынбасар қайтыс болған жоқ. Ҳәзир универмагтың баслығы болып ислеп атыр. Олар екеўи студент ўақты-

мызда хәммемиз хәўес еткендей ашық-машықлар болып жүрер еди. Орынбасар әскерий хызметке кеткеннен кейин не себепли екенин билмеймен, Жадыра оқыўды қойып кетти.

— Мен сол Орынбасар менен Жадыраның тири жетим баласы боламан. Сизиң алдыңызға әкемниң қәбирин таўып берер деп келип едим,-деди Есболған көзлери жасаўрап.

— Айтаман-ғо, мен сени бир жерде көргендеймен деп. Алдымда Орынбасар жорамның жаслығы турғанынан хабарым жоқ,-деп Әбдирахман орнынан турып Есболды баўырына басты.

— Балам, атың ким еди?

— Есболған.

— Есболжан, бүгин сениң әкеңнин қәбирин емес, өзин көрсетемен,-деп телефонды алып қоңыраў ете баслады.

— Алло, алло, Орынбасармысаң?... Тез бизиң үйге бар... Барғаннан кейин көресең, сениң ушын бийбаха сюрприз бар. Сүйиншини молдан алып бара бер,-деп трубканы жапты.

Әбдирахманның үйине келсе Орынбасар кашшан келип отыр екен.

— Қәне, Әбеке жора, сюрпризиңди көрсет,-деди Орынбасар шыдамсызланып.

— Әдеп аманлық-есенлик сорасып алайық, сүйиншиңниң жағдайына қараймыз,-деди Әбдирахман бийсалийхалық пенен.

— Ўәй, жора-әй! Мениң қытымырлық еткен күним бар ма? Адамның ынтығын курта бермей айтағойса,-деп жалынды. Дастурхан басына отырып болғаннан кейин:

— Мине, мына жигит сизге үлкен сюрприз,-деди. Ҳеш затқа түсинбеген Орынбасар гә Әбдирахманның, гә Есболғанның бетине жалтақлап қарады. Орынбасардың ҳайран болып турғанын түсинген Әбдирахман еле сөзин астарлаўын даўам етти:

— Есбол инимиз Орынбасар Аралбаевтың қәбирин көрсем деп келип еди, мен оған өзиңизди көрсетип турман,-деди. Орынбасар бурынғыдан да бетер ҳайран:

— Қойса, жора, маған жумбақлап сөйлегениңди. Жүрегим жарылып кетсе де айтағойса,-деп қыйылды.

Орынбасардың шыдамсызланып отырғанына Әбдирахман бир майдан ҳәз етип күлип алды да, бар ҳақыйқатлықты айтып берди. Кеўли елжиреп аўызлары кемсеңлеп Орынбасар Есболды кушақлап аймалап сүйе берди.

— Демек, мени алдаған екен-дә,-деди Орынбасар көз жасын булап отырып.

— Ким алдаған?-деди қызықсынып Есбол.

— Жадыраның ата-анасы. «Жадыра өли бала туўды, турмысқа шығып кетти, енди оның бахтына кес болма, балам» деп хат жазып еди. Айнанайын-аў, сениң бар екениңди билгенимде жердиң астынан болса да таўып алар едим. Усы ўақытқа шекем тири жетим етип қойғаным,-деп Есболдың басынан сыйпап бетинен сүйе берди. Орынбасар үйине қайтпады. Әбдирахманның үйинде таң атқанша кирпик қақпай Есбол менен гүрриңлесип жатты. Оның сүйиклиси Жадырадан, бийгүна перзенти Есболдан жуда еткен ҳақыйқатлықтың енди бет-пердеси ашылды.

— Ўәй, оңбағанлар-әй, Жадыраны да алдаған екен-дә,-деп гүрсинди Орынбасар. Соның арасынша таң да атты. Әбдирахманның ҳаялы азанғы шайды алып келди. Шай ишип болғаннан кейин Орынбасар:

— Есбол балам, сен усы жерде дем ала бер. Мен жумысымнан айланып келейин, бирге Нөкиске кетемиз,-деди.

— Мен де жумыстан айланып келемен. Мына коробканың ишинде кассета көп, видео көрип жата бер. Мен де сизлер менен бирге бараман,-деди Әбдирахман.

— Маған китап болса болады, оқып жата беремен. Бәрибир видеоны өзим қоя алмайман,-деп мойынлады Есболған.

— Үйде үкенлердиң бәри қоя алады. Ол жағынан ғам жеме,-деди Әбдирахман. Орынбасар Есболдың бетине қарап ойланып турып Әбдирахманға қарады да:

— Кешеги видеодвойкаң өтип кетпеди ме?-деди.

— Яқ, бул дөгеректе соны алатуғын адам бар ма?

— Онда қайтарсын машинаңа салып кел. Мениң Есболға саўғам болсын,-деди Орынбасар қуўанып кетип.

Есбол түске шекем видеодан түрли киноларды көрип хөз етип дем алды. Түсте Орынбасар да, Әбдирахман да келди. Түсленип болып үшеўи Нөкиске қарай жол алды...

**Ә. ҚАЙЫПОВ**

# ТИРИ ЖЕТИМ

***Қарақалпақ тилинде***

**«Қарақалпақстан» баспасы**
**Нөкис — 2002**

Редакторы: Ж.Избасқанов.
Корректоры: С. Жаниев.
Художниги: И. Қыдыров.

Териўге берилген ўақты 5.II.2002-жыл.
Басыўға рухсат етилген ўақты 12.II.2002-жыл.
Қағаз форматы 60x84 1/16.
Көлеми 1,5 баспа табақ.
Жәми 1000 нуска. Буйыртпа №327.
Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы.
742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспасөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты.
742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.